



THE CITY OF NEW YORK
OFFICE OF THE MAYOR
NEW YORK, NY 10007

**POU PIBLIKASYON
IMEDYAT**

12 janvyè 2010

Nimewo 14

www.nyc.gov

**DEKLARASYON MAJISTRA MICHAEL R. BLOOMBERG SOU TRANBLEMANNTÈ
SWARE SA A ANN AYITI**

"Alòske nou toujou ap tann detay sou tranblemanntè ki frape Pòtoprens pandan sware sa a,panse ak lapriyè mwen deziyen pou tout Nouyòkè ki genyen manm fanmi ak moun pa yo nan zòn ki afekte a. Vil Nouyòk ak Ayiti genyen depi lontan yon bèl relasyon espesyal youn ak lòt. Non sèlman manm fanmi kèk 125,000 Nouyòkè anba lagrèl nan peyi a, men tou anpil milye moun vwayaje ant Ayiti ak Nouyòk regilyèman. Se rezon sa a ki fè kilti, kuizin ak biznis nou yo mare byen youn ak lòt. Anreyalite, Komisè Lapolis Kelly te ann Ayiti semenn pase pou ede lapolis peyi a aplike leson nou te aprann nan Nouyòk.

"Si yon moun vle patisipe nan efò sekou Minisipalite Vil la li kapab fè sa nan *Mayor's Fund to Advance New York City* depi li rele 311. *Mayor's Fund* ap voye kontribisyon lajan kach pou òganizasyon k ap travay nan zòn ki afekte yo.

"Nou pataje enkyetid yo tou pou peyi vwazen Karayib yo ki kapab afekte nan tranblemanntè sa a, tankou Repiblik Dominikèn, Bahamas ak Kiba.

"Minisipalite Vil Nouyòk pare pou fè tout sa nou kapab pou ede Ayiti, tankou nou konn fè sa lontan. Epitou sou non 8.4 milyon Nouyòkè yo, nou avè w.

-30-

(more)